



Pou Piblikasyon Imedya: 12/28/2015

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE PREMYE FAZ NY RESPONDS FINI KOUNYE A

Inisyativ ranfòse repons katwastwòf ak rekiperasyon nan Eta New York

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse ke Divizyon Sekirite Enteryè Eta New York ak Biwo Jesyon Sèvis Ijans te fini premye faz NY Responds, nouvo apwòch Eta pou repons a katastwòf ak rekiperasyon. Avèk achèvmman premye faz la, ajans jesyon ijans konte yo ka kounye a konekte avèk Sant Operasyon Ijans Eta New York nan Albany pou amelyore kowòdinasyon ak koperasyon pandan yon katastwòf oswa ijans.

"NY Responds ap transfòme epi ranfòse fason eta reponn a katastwòf ansanm avèk lòt sitiyasyon ijans yo," **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Nouvo apwòch sa se kle nan egzekite yon repons kowòdone kap ede kominote yo rete pi byen enfòmè lè yon sitiyasyon ijans parèt ak rekiperasyon pi rapidman."

Sistèm amelyore jesyon ensidan an, ke yo bay lokalite yo gratis, ap pèmèt alafwa gouvènman lokal ansanm avèk ajans yo nan eta soumèt epi pataje enfòmasyon enpòtan ki gen rapò a katastwòf ki klase apati rapò ensidan a demann resous pou rive a siveyans aktif nan tan reyèl a kondisyon meteyolojik. Yo te deja itilize nouvo sistèm nan avèk siksè nan konte Herkimer ak Seneca pou resan ensidan yo ki te fèt pandan enplemantasyon l.

Anplis, nan kad NY Responds, Divizyon an kontinye fòme epi bay ajans yo nan eta ansanm avèk konte yo aksè a Mutualink, yon nouvo solisyon teknoloji ki entegre telefòn, radyo, videyo ak pataje dosye an yon aplikasyon ki entèwoperab. Sistèm sa pèmèt anplwaye ijans lokal yo pataje enfòmasyon transparan nan tan reyèl avèk eta ak lòt konte yo. Deplwaman ak entegrasyon Mutualink nan imaj operasyonèl komen NY Responds ap kòmanse nan 2016.

Pandan dezyèm faz la, divizyon an ap fè mizajou adisyonèl pou sistèm jesyon ensidan ajoute sistèm enfòmasyon jeyografik amelyore, previzyon move tan ak modèl, lòt fonksyon Mutualink, jesyon byen ak envantè, ak notifikasyon ak alèt. Dezyèm faz la prevwa pou l kòmanse nan 2016.

Komisyone Divizyon Sekirite Enteryè ak Sèvis Ijans Eta New York John P. Melville te deklare, "NY Responds sipòte vizyon Gouvènè a pou bati yon jesyon ijans klas mondyal ak rezo repons. Lè li fin byen enpleman nan tout konte yo, NY Responds ap bay manadjè ijans ak otorite eli yo yon pi bon fason pou travay avèk eta ansanm avèk lòt gouvènman lokal yo pandan yon kriz."

Prezidan Asosyasyon Manadjè Ijans Eta New York ak Direktè Biwo Jesyon Ijans Konte Livingston Kevin Niedermaier te deklare, "New York Responds bay manadjè ijans lokal yo yon zouti ki pral amelyore sansibilizasyon sityasyon yo non sèlman nan nivo lokal men nan nivo eta egalman. Bon zouti nan bon moman."

Direktè Biwo Sèvis Ijans Konte Herkimer Robert Vandawalker te deklare, "Sèvis Ijans Konte Herkimer te gen opòtinite pou itilize sistèm NY Responds ki te aktive. Biwo nou yo jenere yon rapò atravè NY Responds ke yo te rekonèt imedyatman epi trete pa Biwo Jesyon Ijans Eta New York, ki senplifye sikilasyon enfòmasyon an. Nou santi ke sistèm NY Responds la se yon etap nan direksyon pou amelyore jesyon ijans ak repons nan Eta New York."

Direktè Jesyon Ijans Konte Seneca Melissa Taylor te deklare, "Depatman Jesyon Ijans Konte Seneca pa twò lontan de sa te itilize NY Responds pou mande anplwaye NYSDOH ak vaksen Hepatit A an sipò de mas vaksen klinik yo. NY Responds se yon bèl zouti ki aji tankou yon sèl arè pou repons ijans kowòdone. Lojisyèl la fasil pou itilize rapidman e li otman efikas pou jwenn demann yo trete rapidman ak efikasman."

Vis Prezidan Asosyasyon Rejyonal Manadjè Ijans Eta New York ak Direktè Biwo Sekirite Piblik Konte Rensselaer Kelly Paslow te deklare, "Kominote jesyon ijans lan kontan dèske li wè Gouvènè a ansanm avèk NYSOEM ap pran aksyon sa. Li pral fikse yon seri zouti standa ki pral pèmèt nou tout gen aksè a Sant Operasyon Ijans Eta epi bay sityasyon sansibilizasyon nan tan reyèl grasa yon pwogram gratis ki baze sou entènèt pou gouvènman konte yo. Li pèmèt manadjè ijans yo jwenn enfòmasyon enpòtan pandan yon evènman e li pèmèt chak konte ki mande pou kontwole demann yo pou byen Eta."

Enfòmasyon sou Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis Ijans

Divizyon Sekirite Enteryè Eta New York ak Sèvis Ijans gen kat biwo – Jesyon Ijans, Prevansyon ak Kontwòl Dife, ak Kominikasyon Ijans ak entèwoperab ak Anti-Teworis– bay lidèchip, kowòdinasyon ak sipò nan efò pou anpeche, pwoteje kont, prepare pou, reponn a, epi rekipere de teworis ansanm avèk lòt katastwòf natirèl ke imen fabrike, menas, dife ansanm avèk lòt ijans. Pou jwenn plis enfòmasyon vizite [Facebook page](#), swiv [@NYSDHSES sou Twitter](#), oswa vizite [dhSES.ny.gov](#).

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb [www.governor.ny.gov](#)
Eta New York | Executive Chamber | [press.office@exec.ny.gov](#) | 518.474.8418